**Упражнени № 1** Лахара дешнаш х1окху рог1аллехь д1аязде: 1) й мукъазчу элпан маь1нехь лела дешнаш; 2) й озоран хьаьркан маь1нехь леларш; 3) й дукхаллин терахьан чаккхе ерш.

Г1айракх, тийжам, йорг1а, луьйта, юьйлу, майра, йохк-эцар, зумсой, хийца, ног1ий, лай, йистош, шуьйра, т1ийриг, 1ойту, кийсак, т1емалой, даймохк, йиъна, лайна, седарчий, ойла, доттаг1ий, йовхо, ийзало, мехкарий, наной, майра, къастийра, тайна, йолхьокхург, тай-маха, кад-1айг.

**Упражнени № 2** Д1аязъе предложенеш. Шайца Й элп долчу дешнашна буха сиз хьакха. Барта дийца, х1ора дашехь х1ун маь1на ду цуьнан.

Басс бахархойн молуш а, кхин долчу хьаштийн а хи дара. Кхуза лийча а, сада1а а бог1ура юьртахой. Лахо, таьллаш к1ел, хийист х1уттура. Йоьзан чамешца, ц1естан к1удалшца, еха г1абалеш т1аьхьа а текхош, хи т1е бог1ура башха мехкарий. Иштта кегий нах х1уьттура хийисте, шайна езарг тергалъян, цуьнца дагардийца, самукъадаккха. Цхьаберш говрашкахь бог1ура. Йо1ана хьалха говр хьовзайора к1анта, шена иза гарх воккхавеш. Йо1а а къайлах тергалдора дин а, динан бере а, шена х1иттон кеп дозалла хеташ.

Т1аккха вайн кхоссалой, к1ант лаха вуссура динара. Дин кегийчу берашка лийчабайта д1а а лой, шен чола куй б1аьштиг т1е тоттий, шаьлтан т1ехь дайн куьг латтош, йо1ана т1е воьдура. Х1орш совцура. Кхеран дегнаш б1аьргийн уьшаршца вовшех кхетий, тохалора.

Т1аккха шабаршца балхабора безам. (С-С. Саидов)

**Упражнени № 3** Т1адамийн метта дог1уш долу элпаш а дохкуш, т1ера схьаязъе предложенеш

1) И ерриге учи д1алаьцна яьшканаш, ангалин банканаш, кхи…ра кхабанаш, маситта та…па пхьег1аш яра; хьала…иллани… хьерчаш яьржани…, з1и…дигаш хецни… цхьацца бецаш, зезагаш дара, ког биллал меттиг …оцуш. (Х. Ош.) 2) –Инжил 1исагара юнани… маттахь досси…на, - элира молла Мохьмада, - ткъа забур сурани… маттахь Даудера доьссина, къор1а Мохьаммада па…хамарера 1аьрби… маттахь доьссина. (М. Мут) 3) Ша еш йолу и къаьхьа о…ла а…ъа санна, ша кераюккъехь хьи…забо патарма цкъа шена хьалха охьа а биллина, т1аккха иза а г1ап чу а та1и…на, шен юьхь т1ета11ош куьг хьаькхира Мохьдис, стенна делахь а «Ошх1ада» а доьшуш. «Ошх1ада» а дешна, пхьуь…ра ламаз а дина, патармех юьзна …олу шен г1ап, шен г1одаюкъах а …иххина, тоьпа чу патарма а бахи…тина, шен кхоьа чуьра сал-пал лаххьи…на божал чу яьхьира цо.(1. Хажм.) 4) Гуьржаши…, чергазаши…, ва…н луларчу 1аьндаши… г1о а деш, ва…н эскаро Дуц1ук коьртехь а волуш, оцу Г1обана хил дехьа кхаччалц лаьхкина бохура и г1езало… (М. Эдильб) 5) Кхунна хезнера дуь…цуш, ц1ен чкьор а лехна, цуьнан заза делалуш дехнарг туь…ранахь санна, кхочушхуьлу бохуш. (С-Хь. Таг) 6) Карахь ведарш…, горгачу баьпкан йоли…на булки…, четахь кхин а цхьацца х1ума йолу и шиъ, 1ади…на лаьттара, кхунна хьалхарчу мидалша вохи…на. (С. Яш) 7) Школан хьалхарчу дитташна т1ера, мажделча а охьа эга ца луш, гуь..рено кхи…дочу куь…го дахаран денош даццеш, бертаза бухдохуш, г1и…ла, Хьамидан ойла санна, хьи…заш охьаоьгуш дара дитти.. г1аш (1. Дад) 8) Хьалхарчун дин, стела1ад санна лаг сатти..на, 1аьржачу басахь, турпалчу ницкъо х1ора меже юьзна болу, нисса д1абахар экаме хеташ, курачу разболарехь ловзура; хи…ла къонах хьаьгна дин бара иза. (В-Хь. Ам.)

**Упражнени № 4** Х1окху дешнашкахь деха и, уь нийса язде:

Д(и) цар, х(и) цам, 1(уь) ре, г(уь) ре, когаш1(уь) ра, д(уь)раш, ч(уь)раш, (уь)риг), с(уь) ли, т(уь)лиг, т1(уь)лиг, б(уь)р, (уь)р, л(уь)чу, т1(и)риг, к(и) сак, кх(и)сарш, м(и)раш, т(уь)дарг, н(уь)да, д(и)нахь, д(уь)лу, х(и) ца, м(уь)лу, л(уь)та, к(и)ла, ш(и)ла, н(и) сса, т(и) са, л(и)са, б(уь) диг.

1.Маса коьрта къамелан дакъа ду Нохчийн маттахь

- -7
- -5
- -4
- -6

2.Маса терахьехь лела ц1ердош Нохчийн маттахь

- -2
- -1
- -3
- -4

3.Орамера мукъа аз хийцалуш, суффиксан г1оьнца дукхаллин терахье доьрзу дош къастаде

- -стаг
- -нана
- -ваша
- -дитт

4.Дукхаллин терахье доьрзуш дийна дош хийцалуш долу дош къастаде

- -йиша
- -г1ала
- -йо1
- -юрт

5.Маса грамматически класс ю ц1ердешан

- -4
- -8
- -6
- -3

6.Стенах олу языкознании

- -меттан дешнех
- -аьзнаш 1амочу 1илманах
- -меттан 1илманах
- -йозанан теорех

7.Х1ун гойту билгалдашо

- -х1ума
- -билгало
- -масалла
- -рог1алла

8.Муьлхачу къамелан декъаца дозуш хуьлу билгалдош

- -терахьдош
- -хандош
- -ц1ердош

- -хуттург

9.Фонетико 1амадо
- -дешнаш, Дешнийн кхолладалар
- -дешнийн цхьанакхетар
- -аьзнаш, элпаш
- -къамелан дакъош

10.Къастае омонимаш
- -ц1е, б1аьрг, м1ара
- -сирла, жима, мела
- -дика, еха, ирча
- -маса, хаза, къона

11.Дешхьалхе йолу дош къастаде
- -дийца
- -ала
- -чухьажа
- -хьеха